

BAB III METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta métode déskriptif kualitatif. Panalungtikan déskriptif kualitatif téh mangrupa salah sahiji panalungtikan nu ngagambarkeun hiji *fenoména* ngaliwatan déskripsi dina wangun kalimah jeung basa ku ngaliwatan métode alamiah. Nurutkeun Sidiq & Choiri (2019, kc. 5), panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu maham kana subjek panalungtikan. Éta metode digunakeun pikeun ngungkulan jeung ngébréhkeun pasualan-pasualan actual ku cara ngumpulkeun data, analisis, jeung nafsirkeun data. Anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta wujud jeung wanda pragmatis kalimah dina naskah drama *Kalangkang* karya Nunu Nazarudin Azhar. Ieu métode dipiharep bisa ngaréngsékeun pasualan ngeunaan wujud jeung wanda pragmatis kalimah ku cara analisis sarta nafsirkeun data kalimah wujud jeung wanda pragmatis kalimah.

Dina ngadesain panalungtikan anu digunakeun na téh nyaéta tahap awal panalungtik néangan jeung nyusun masalah dumasar pasualan anu bakal ditalungtik, saenggeus nangtukeun masalah tahapan kadua nyaéta ngumpulkeun data tina objék anu ditalungtik kalayan ngagunakeun instrumén panalungtikan nyaéta kartu data, tahapan katilu nyaéta data nu geus kakumpul, diolah ku cara analisis unsur langsung sarta masing-masing data kalimah ngeunaan wujud jeung wanda pragmatis kalimah nu didéskripsikeun sacara jéntré, tahap pamungkas nyaéta nyieun kacindekan tina hasil analisis panalungtikan.

3.2 Sumber Data jeung Data Panalungtikan


Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama “Kalangkang” karya Nazarudin Azhar. Upama panalungtik ngagunakeun ulikan pustaka, anu jadi sumber datana nyaéta catetan atawa tulisan-tulisan. Ari data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh kalimah nu kaasup kana wujud jeung wanda pragmatis kalimah dina naskah drama *Kalangkang*. Ieu sumber data téh mangrupa naskah drama nu sok dipaké ku guru, mahasiswa, ogé nu lianna dina magelarkeun hiji drama Sunda. Naskah drama ieu disusun ku Nazarudin Azhar, mangrupa buku

anu diterbitkeun ku Téater Sunda Kiwari (TSK) minangka salah sahiji naskah dina pasanggiri Festival Drama Basa Sunda (FDDBS) ka-17 taun 2016. Ieu naskah dijieun ku pangarang din ataan 2015 di Tasikmalaya. Naskah ieu kawentar diwidangna nu kungsi dipagelarkeun ku Sanggar Mahasiswa Basa Sunda (SAMBADA) dina pagelaran teater kampus taun 2016.

3.3 Prosedur Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 281), prosedur atawa alur panalungtikan dina ngolah data nyaéta téhnik sangkan hasil analisis data dicangking ku cara ngagunakeun aturan nu luyu jeung pamekaran sarta *desain* panalungtikan nu digunakeun dina panalungtikan.

Ieu panalungtikan dimimitian ku ngidentifikasi masalah saperti nangtukeun kasang tukang, rumusan masalah, sarta métode panalungtikan anu dijadikeun bahan dina ieu panalungtikan. Sanggeus meunangkeun sababaraha masalah, tuluy ngumpulkeun data. Dina ieu panalungtikan téhnik nu dipaké nyaéta ulikan pustaka. Sanggeus data kakumpul tuluy dianalisis maké ulikan pragmatik. Dina pragmatik anu ditalungtik nyaéta ngeunaan wujud jeung wanda kalimah pragmatik. Sangkan leuwih jéntré, bisa dititinan dina bagan 3.1.



Bagan 3.1 Prosedur Panalungtikan

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ulikan pustaka. Téhnik ulikan pustaka mangrupa kagiatan keur ngumpulkeun informasi nu *rélevan* kana topik atawa masalah nu jadi objék panalungtikan. Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data panalungtikan saperti:

- Nangtukeun sumber data nu utama nyaéta Naskah drama “Kalangkang” karya Nazarudin Azhar jeung buku nu ngarojong kana ieu panalungtikan
- Maca Naskah Drama “Kalangkang” jeung sumber buku nu ngarojong kana ieu panalungtikan
- Nyirian wujud jeung wanda pragmatis kalimah
- Nyatet hasil data kana kartu data digital

3.5 Instrumen Panalungtikan

Instrumen mangrupa alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, ngolah, jeung ngainterprétasi sagala informasi anu ditarima. Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta:

Tabél 3.1
Conto Kartu Data Digital

Kode Omongan	Kode Data	Omongan	Identifikasi Data	
			Wujud Pragmatis	Wanda Pragmatis
(001)	K/1.B1.1	Aya kénéh sésa umur?	(1.2.1)	(2.1.1)

Keterangan:

K : Judul novel nyaéta *Kalangkang*

1.B1.1 : Paguneman aya dina kaca 1, dina babak ka 1 sarta dina omongan ka 1

1.2.1 : Wujud Pragmatis Kalimah Pananya nu harti pragmatisna kaayaan

Angka (1) nunjukkeun Wujud Pragmatis kalimah

Angka (2) nunjukkeun kalimah pananya (*interogatif*)

Angka (1) diahir nomor, nunjukkeun harti pragmatis kaayaan

2.1.1 : Wanda Pragmatis Kalimah Komisif nu ma'na na ngawawarkeun

Angka (2) nunjukkeun Wanda Pragmatis kalimah

Angka (1) nunjukkeun kalimah komisif (pananya)

Angka (1) diahir nomor, nunjukkeun harti ma'na na ngawawarkeun

Dumasar kana kartu data, disusun data saperti ieu di handap.

Tabél 3.2
Conto Kartu Data

No.	No. Omongan	Data	Kode Data
1	(001)	Darma: Aya kénéh sésa umur?	K/1.B1.1

Tabél 3.3
Conto tabel analisis wujud pragmatis kalimah

No Omongan	Data	Identifikasi Data Wujud Pragmatis Kalimah	Analisis
001	Darma: Aya kénéh sésa umur?	(1.2.1)	Kalimah pananya Harti pragmatis na 'kaayaan'

Tabél 3.4
Conto tabel analisis wanda pragmatis kalimah

No Omongan	Data	Identifikasi Data Wanda Pragmatis Kalimah	Analisis
001	Darma: Aya kénéh sésa umur?	(2.1.1)	Kalimah komisif 'ngawawarkeun'

3.6 Téhnik Ngolah Data

Data nu geus kakumpul ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung tuluy diolah sasuai jeung analisis wujud jeung wanda pragmatis kalimah. Léngkah-léngkah dina ngolah jeung analisis data, nyaéta:

- a. Nitenan deui data nu geus dikumpulkeun;
- b. Nyieun data kalimah dumasar (1) wujud pragmatis kalimah, (2) wanda pragmatis kalimah, jeung (3) patalina wujud jeung wanda pragmatis kalimah;
- c. Nganalisis data kalimah dumasar (1) wujud pragmatis kalimah, (2) wanda pragmatis kalimah, jeung (3) patalina wujud jeung wanda pragmatis kalimah;
- d. Ngadeskripsikeun data kalimah dumasar (1) wujud pragmatis kalimah, (2) wanda pragmatis kalimah, jeung (3) patalina wujud jeung wanda pragmatis kalimah;
- e. Napsirkeun;
- f. Nyusun kacindekan.